

Plan Èd Oksilyè
Peace River Center
Avril 2024

[Logo: Peace River Center – MOUN AK
KONPASYON – ENPAK POZITIF]

Peace River Center pral konfòme li ak seksyon 504 nan Lwa Reyabilitasyon 1973, 29 U.S.C. 794, jan sa enplemante nan 45 C.F.R. Pati 84 (yo rele li Seksyon 504 nan rès tèks la) ak Lwa pou Ameriken ki gen Andikap 1990, 42 U.S.C. 12131, jan sa enplemante nan 28 C.F.R. Pati 35 (yo rele li ADA nan rès dokiman). Plan sa a disponib nan fòma altènatif sou demann anplwaye yo ak patisipan yo.

Pwen Kontak Inik

Kowòdonatè Pwen Kontak Inik la ak Seksyon 504 la, Direktè Operasyon, pral asire bon jan komunikasyon ak kliyan ki soud oswa ki pa tandé byen selon Seksyon 504 la ak ADA a. Kowòdonatè Pwen Kontak Inik la ak Seksyon 504 la pral asire ke anplwaye yo okouran de egzijans yo, wòl yo, responsabilite yo, ak pwen kontak ki asosye yo nan konfòmite ak Seksyon 504 la ADA a.

Founi Èd Oksilyè ak Sèvis

Peace River Center pral toujou rekonèt ke preferans kliyan an oswa konpayon an se premye faktè ki konsidere pou detèmine ki èd oswa sèvis oksilyè yo bay. Si yo jije komunikasyon atravè yon èd oswa sèvis oksilyè espesifik pa efikas, anplwaye yo pral mande kliyan an oswa konpayon an pou detèmine yon èd oswa sèvis oksilyè pou komunikasyon ki pi efikas. Dwe gen dokimantasyon ki ajoute nan dosye kliyan an konsènan tantativ pou amelyore èd ak sèvis oksilyè yo.

Anplwaye yo dwe jwenn èd oksilyè yo selon evalyasyon komunikasyon endividiyèl ak rekèt pou sèvis nenpòt kliyan oswa konpayon ki idantifye kòm yon moun ki soud oswa ki pa tandé byen. Tout sètifikasyon entèprèt yo dwe verifye.

Si anplwaye yo pa abitye ak yon èd oswa sèvis oksilyè yon kliyan oswa konpayon mande, yo dwe aksede ak enfòmasyon nan men sipèvizè dirèk yo, pwen kontak inik nou, oswa règleman sant lan.

Founi Entèprèt nan Lè Sa dwe Fèt

Anplwaye Peace River Center pral ofri entèprèt pou kliyan ak konpayon ki soud oswa ki pa tandé byen nan yon fason apwopriye selon estanda sa yo:

- Demann Entèprèt ki pa Planifye yo:** Pou nenpòt sitiyasyon ijans ki pa yon randevou planifye, anplwaye yo dwe mete yon entèprèt sètifye oswa kalifye disponib pi vit posib, men pa pita pase de (2) èdtan apati lè kliyan an oswa konpayon oswa anplwaye a mande yon entèprèt, kèlkeswa sa ki disponib pi rapid la. Si sitiyasyon an pa yon ijans, anplwaye a ap ofri pou pran yon randevou (epi ofri yon entèprèt lè sa nesesè pou komunikasyon efikas) jan sa bon pou kliyan an oswa konpayon an, men omwen nan pwochen jou ouvrab la.
- Demann Entèprèt ki Planifye:** Pou evènman pwograme yo, anplwaye yo dwe mete yon entèprèt sètifye disponib nan moman randevou pwograme a. Si yon entèprèt pa vini nan

[Logo: Peace River Center – MOUN AK
KONPASYON – ENPAK POZITIF]

randevou planifye a, anplwaye a pral pran mezi nesessè pou mete yon entèprt kalifye disponib pou kliyan oswa konpayon ki soud oswa ki pa tandem byen pi bonè posib, men okenn sikontans li pa dwe pita pase de (2) èdtan apre lè randevou planifye a a.

Dokimantasyon Èd Oksilyè

Peace River Center dwe dokimante metòd komunikasyon prefere kliyan an oswa konpayon an ak nenpòt èd ak sèvis oksilyè yo bay sou demann nan dosye pwogram kliyan an. Dokiman ak fòm ki pwouve ki lè ak ki jan sant la te bay èd ak sèvis oksilyè pou kliyan oswa konpayon yo dwe konsève nan dosye korespondan kliyan an (EHR / papye) pou sèt lane. Fòm yo gen ladan yo men yo pa limite ak:

- Evalyasyon Kominikasyon Kliyan oswa konpayon ak Dosye Èd ak Sèvis Oksilyè
- Demann Kliyan oswa Konpayon pou Asistans Kominikasyon Gratis oswa Dewogasyon

Demann Oksilyè ki Refize

Dokimantasyon, ak pyès jistifikatif, dwe fèt tou sou fòmilè Evalyasyon Kominikasyon DCF ak Dosye Èd/Sèvis Oksilyè yo si gen nenpòt demann yo pa t onore; kliyan an (oswa konpayon) yo pral resevwa yon kopi dokimantasyon an. Direktè a se sèl moun ki ka refize demann èd oksilyè yon kliyan oswa yon konpayon.

Referans

Si yo refere kliyan oswa konpayon yo bay lòt ajans, founisè a dwe asire ke ajans k ap resevwa yo a jwenn avi sou metòd komunikasyon prefere kliyan an oswa konpayon an ak bezwen pou nenpòt èd oswa sèvis oksilyè. Pou fè aranjman sa, Peace River Center pral asire ke patisipan an vle rekòmandasyon an epi li siyen yon Fòmilè Pataj Enfòmasyon.

Fòmilè Opinyon Kliyan

Founisè a dwe distribye Fòmilè Opinyon Kliyan/Konpayon an bay kliyan oswa konpayon ki soud oswa ki pa tandem byen epi bay asistans pou ranpli fòmilè yo si kliyan oswa konpayon an mande sa. Patisipan an, oswa si yo mande sa, sant lan dwe voye Fòmilè Opinyon Kliyan/Konpayon orijinal la pa lapòs bay DCF, Biwo Dwa Sivil, 1317 Winewood Boulevard, Building 1, Room 110, Tallahassee, FL 32399-0700. **Pa dwe gen** yon kopi Fòmilè Opinyon Kliyan an **ki kenbe nan dosye a.**

Afichaj

Y ap afiche yon kopi Plan Èd Oksilyè ajans lan sou sitwèb ajans lan ni an Anglè ni an Panyòl, e y ap disponib pou anplwaye yo enprime sou entranèt ajans lan Yo pral bay kopi nan yon fòm altènatif sou demann. Kowòdonatè Pwen-Kontak-Inik la ak Seksyon 504 pral asire ke Avi ki bay enfòmasyon sou disponiblite èd ak sèvis apwopriye san depans pou kliyan oswa konpayon ki soud oswa ki pa tandem byen yo poste pre kote moun antre nan lokal sant lan. Avi ki apwouve yo ka telechaje sou Entènèt la nan: <http://www.dcf.state.fl.us>

Rapò HHS

Sant lan pral soumèt Rapò HHS chak mwa, pa pita pase 5yèm jou nan chak mwa, bay Jesyonè Kontra CFBHN, Jesyonè Kontra DCF/SAMH, ak Jesyonè Kontra Heartland for Children.

Ebjèman Evènman

Sant lan pral asire aksesibilite ak reyinyon, konferans ak seminè pou moun ki gen andikap, konpetans Anglè limite, epi ki soud oswa pa tande byen lè yo mete fraz sa sou tout avi evènman ak piblisite ki fèt avan evènman an:

Sant lan pral founi aranjman, sa ki gen ladan entèprèt Lang Siy Ameriken, aparèy ekout asiste, fòma altènatif dokiman enprime ak sou-tit an dirèk sou demann moun ki sou, ki pa tande byen oswa ki ap viv ak andikap Pou asire aranjman yo, tanpri fè demann ou an 7 jou avan evènman an bay Candace Barnes, nan 863-519-0575 oswa candace.barnes@peacerivercenter.org.

Fòmasyon Anplwaye

Anplwaye sant lan pral resevwa fòmasyon sou kijan pou yo bay èd ak sèvis oksilyè pou moun ki gen Andikap ak konpetans Anglè Limite (LEP) nan yon delè 60 jou apre yo kòmanse travay. Fòmasyon rapèl pral fèt chak ane ak yon Kou Aprantisaj titre Sipò DCF Florid pou moun ki Soud oswa ki pa Tande byen. Dokiman fòmasyon yo ap rete nan dosye fòmasyon chak anplwaye.

Resous Èd Oksilyè

Entèprèt Lang Siy

Absolute Quality Interpreting Services, LLC (AQI)

(disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7)

Telefòn: 813-785-1214 (vwa/tèks)

Faks: 813-200-3469

Imèl: info@AQIservices.com

American Sign Language Services, Inc. (ASL)

(disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7)

Telefòn: 888-744-6275/407-518-7900 (Lendi-Jedi 8:30-4:30pm; Vandredi 8:30-1:00pm)

ER Pager: 407-931-8050 (Demann apre Lè Nòmal)

Faks: 407-518-7903

Imèl: scheduling@aslservices.com

Angel Interpreting, LLC

(disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7)

Telefòn: 863-226-4049

Imèl: info@angelvri.com

Aparèy Ekout Asiste

Pochè yo twouve yo nan depatman HIS Gilmore, depatman Enskripsyon BCSU, sal Medikaman LCSU, sal Medikaman SRT, ak biwo enskripsyon Wauchula. Pou rezève itilizasyon aparèy la, tanpri itilize paj konekte ak dekonekte ki bò kote aparèy la.

Relè Florid— 7-1-1

Nan Sèvis Relè Florid, moun ki itilize ekipman telefòn espesyalize kapab kominike ak moun ki itilize ekipman telefòn espesyalize. Pou rele Relè Florid, tape

7-1-1, oswa itilize nimewo apèl gratis ki anba:

1-800-955-8771 (TTY)

1-800-955-8770 (Vwa)

1-877-955-8773 (Panyòl)

Sèvis Relè Videyo (VRS): (Lè kliyan yo pa nan menm sal la—Telefòn Sèlman)

Sèvis Relè Videyo Federal (VRS) pèmèt yon itilizatè ki itilize lang siy pou kominike nan videyokonferans ak yon Entèprèt Videyo (VI) atravè Entènèt. VI a apresa vwa/relè yo konvèzasyon siyen an nan telefòn – an dirèk – pou moun k ap rele k ap tande (utilizatè telefòn estanda). Lè w itilize lang siy nan videyo mouvman konplè, sa pèmèt itilizatè lang natirèl pou transmèt ekspresyon fasyal ak endis pou asire anyen pa pèdi nan tradiksyon an.

Si itilizatè Lang Siy lan gen yon Telefòn Videyo oswa yon Pwogram/Aplikasyon Relè Videyo – Rele 877-709-5797 (randevou pa nesesè). Bay entèprèt la non ajans ou an, ak nimewo telefòn dischif itilizatè lang siy lan.

Entèpretasyon Videyo Adistans (VRI): (Lè kliyan yo nan menm sal la)

Entèpretasyon Videyo Adistans (VRI) itilize aparèy videyo ak kamera ak ekran pou bay liy sèvis lang ak entèpretasyon atravè entèprèt adistans oswa sou sit. Kontakte Sèvis Lang Siy Ameriken (ASL, Inc.) nan 888-744-6275 oswa 407-518-7900 pou planifye.

CART: Yon founisè CART itilize yon machin estenografi tribunal, yon òdinatè ak pwogram pou afiche tout bagay ki di, mo pou mo. Tèks la afiche sou yon òdinatè, televizyon oswa ekran pwojeksyon.

Avèti Direktè Operasyon si sèvis CART yo egzije pa Kliyan/Konpayon an.

Entèprèt pou Patisipan Konpetans Limite Anglè:

Si yon patisipan pale Anglè limite epi bezwen yon entèprèt, kliyan pral asiye ak yon pwofesyonèl PRC ki pale menm lang lan. Si pa gen yon pwofesyonèl konsa ki disponib, entèpretasyon swen AMN Healthcare ta dwe itilize lè yo rele 1-833-219-9630 pou mande lang ki nesesè a. An akò ak règleman CM-301, “Sèlman nan sitiayson kriz pou yon pwofesyonèl ki pa sètifye, manm fanmi oswa patnè (endividè a) ta dwe jwenn apèl pou vin entèprete.”

Entèprèt Lang Etranje Kalifye Sant lan

NON ANPLWAYE	LANG	TIT TRAVAY/LOKAL	NIMEWO KONTAK	KONPETANS
Adelina Camilo	Panyòl	Teknisyen Sikatri/SRT		Li, Ekri, Pale
Benita Valdez	Panyòl	Enskripsyon/ BCSU	Ekstansyon 7354	Li, Ekri, Pale
Charles Barrios, MD	Panyòl	Sikatri/GOP		Li, Ekri, Pale
Cristina Aguilar	Panyòl	Jesyonè Pratik OP/GOP	Ekstansyon. 7821	Li, Ekri, Pale

[Logo: Peace River Center] MOUN AK
KONPASYON – ENPAK POZITIF]

Dahyana Jean Jacques	Fransè/Kreyòl	Espesyalis Dosye Swen DV		Li, Ekri, Pale
Diana Arcila	Panyòl	Jesyonè Dosye/CCM		Li, Ekri, Pale
Eliseo Melendez	Panyòl	Enskripsyon/LCSU	Ekstansyon 7817	Pale
Ellen Rotsgalm-Oris	Alman	Defans Kliyan/SDVS	863-386-1168	Li, Ekri, Pale
Fedro Jean Laurent	Kreyòl	Terapet/Lake Wales	Ekstansyon. 6855	Li, Ekri, Pale
Gherlig Beltran	Panyòl	Jesyonè Dosye/CCM		Li, Ekri, Pale
Jean Tropnas, MD	Fransè/Kreyòl	Sikatri/GOP		Li, Ekri, Pale
Jelitza Tellerias	Panyòl	Kowòdonatè Swen/GOP		Li, Ekri, Pale
Johanna Acosta	Panyòl	Asistan Pwogram/GOP	Ekstansyon. 6707	Li, Ekri, Pale
John Chavez	Panyòl	Technisyen Enfòmatik/Main St.		Li, Pale
Katteline Rivera	Panyòl	Rejistrè/Wellness	Ekstansyon. 6793	Li, Ekri, Pale
Lizandra Chase	Panyòl	Jesyonè Pwogram Terapi OP /GOP	Ekstansyon. 6694	Li, Ekri, Pale
Lysette Cisneros	Panyòl	Enskripsyon/Lake Wales	863-452-3003 oswa Ekstansyon 6825	Li, Ekri, Pale
Marcela Arellano	Panyòl	Terapet/GOP	Ekstansyon. 6500	Li, Ekri, Pale
Margalie Cadet Rosas	Fransè/Kreyòl	Klinisyen/FACT	863-512-0195	Li, Ekri, Pale
Mindy Lee	Panyòl	Defans Hardee SV		Pale, Li
Myriam Buitrago	Panyòl	Terapet/GOP	Ekstansyon. 7061	Li, Ekri, Pale
Rosa Villavicencio	Panyòl	Terapet/Bartow	Ekstansyon. 7729	Li, Ekri, Pale
Ruth Carrasquillo	Panyòl	Espesyalis Kontwole/BCSU	Swen Ekstansyon. 6142	Li, Ekri, Pale
Sherrise Irizarry	Panyòl	Konseye/FACT	Ekstansyon. 7189	Pale
Teresa Trinidad-Calderon	Panyòl	RN/LCSU		Li, Ekri, Pale
Thalia Santamaria	Panyòl	Asistan Medikal/GOP	Ekstansyon. 7904	Li, Ekri, Pale
Tristan Bergman	Panyòl	Defans Polk SV		Li, Ekri, Pale
Wileen De Jesus Caro	Panyòl	Jesyonè Dosye /ACM	Ekstansyon. 6868	Li, Ekri, Pale
Yesenia Martin, APRN	Panyòl	Sikatri/Bartow & Lake Wales		Li, Ekri, Pale
Zaury Suarez Rivera	Panyòl	Jesyonè Dosye /ACM		Li, Ekri, Pale

Plent Kliyan

Si ou kwè yo te refize w aksè ak sèvis la pou move rezon oswa yo te fè diskriminasyon kont ou:

1. Enfòme moun ki te refize w aksè ak sèvis la ke ou panse li te refize w aksè ak sèvis la pou move rezon epi poukisa ou kwè sa.
2. Mande pou pale ak yon sipèviziè, imedyatman.
3. Ou kapab soumèt plent/doleyans ou alekri oswa vèbalman. Adrese enkyetid ou bay Jesyonè Pwogram nan ak/oswa Direktè Operasyon Peace River a. Ajoute enfòmasyon sa yo:
 - a. Ki sèvis yo te refize w ?



COMPASSIONATE PEOPLE • POSITIVE IMPACT

- b. Ki rezon yo te di w ki fè yo te refize w sèvis la?
- c. Ki moun ki te refize w sèvis la ?
- d. Nan ki dat yo te refize w sèvis la?

[Logo: Peace River Center – MOUN AK
KONPASYON – ENPAK POZITIF]

Anplis aksyon ki anwo yo, plent pou diskriminasn bò kote gouvènman leta ak federal.

Depatman Timoun ak Fanmi
Biwo Dwa Sivil
2415 N. Monroe St. Suite 400
Tallahassee, FL 32303
850-487-1901 oswa TTY 850-9622-9220

Direktè
Florida Commission on Human Relations
4075 Esplanade Way, Room 110
Tallahassee, FL 32399
850-488-7082 oswa TDD 800-955-1339

Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini
Biwo Dwa Sivil
Atlanta Federal Center, Suite 3B70
61 Forsyth Street, SW
Atlanta, GA 30303-8909
800-368-1019 oswa TDD (800) 537-7697

Depatman Jistis Etazini
Sèvis Dwa Sivil
Biwo Asistan Pwokirè Jeneral
950 Pennsylvania Avenue, NW
Washington, DC 20531
202-544-3847 oswa TDD 202-514-0716